



FEED THE FUTURE


The U.S. Government's Global Hunger & Food Security Initiative

CHENGETEDZAI MOMBE KUBUDIKIDZA NEKUFIRITA KANA KUDHIBISA

Hutano hwemombe dzako hune chekuita nekubudirira kwako semurimi.

Kuchengetedza nekurapa mombe nenzira yekufirita kana kudhibhisa kunoshandisa mishonga inouraya tupukanana twakaita sezvikwekwe, zvishambwe, nhata, inda pamwe nenhunzi.

Kufirita nekudhibhisa kunobatsira kuti mombe dzive nehutano hwakanaka, dzibereke uye kuti murimi awane mari irinani paanodzitengesa.



Ko nei tichifanira kuDhibhisa mombe?

Kudhibhisa mombe kunodzivirira pamwe nekurapa mombe kubva kutupukanana tunokonzera zvirwere kana tunokanganisa hutano hwemombe uye dzimwe nguva tuchikonzera kufa kwezvipfuyo.

Matambudziko makuru anogona kusanganikwa nawo pamwe nenjodzi dzinounzwa netupukanana, anosanganisira: (Apa pangotaurwa matambudziko nenjodzi huru chete kunyangwe dzisiridzo dzese.)

- **Kurasikirwa neropa-** Tupukanana tunogona kukonzera kupererwa neropa mumuviri wechipfuyo, nekuperezeka kunokonzerwa nekushaikwa kwechikafu chinovaka muviri. Dzimwe nguva tupukanana utwu tunogona kukonzera kuti zvipfuyo zvife.
- **Kushaya chido chekudya** -Kuvepo kwetupukanana kunogona kukanganisa madyiro nemafuriro anoita zvipfuyo pamwe nekudzikisa chido chekuda kuya chezvifuyo. Izvi zvinodzikisa simba remuviri rekurwisa zvirwere zvoita kuti hutano hwemombe hudzikire yotadza kuwedzera huremu hwayo.
- **Pakachekwa kana pane Zvironda zvakavhurika** –Tupukanana tunogona kuti chipfuyo chisagadzikane pamwe nekuvaviwa. Naizvozvo chipfuyo chinozvikwizira pakaomarara poita maronda anozopinza hutachiwona nezvirwere.
- **Kupararira kwezvirwere** -Zvikwekwe zvinofambisa zvirwere kubva pane chimwe chipfuyo kuenda pane chimwe.



USAID
FROM THE AMERICAN PEOPLE

Gwaro rino rakagadzirwa kuburikidza nerubatsiro kubva kvanhu veku America uye rutsigiro rwemari kubva kusangano re Feed the Future nere USAID.

CHENGETEDZAI MOMBE KUBUDIKIDZA NEKUFIRITA KANA KUDHIBISA


Pane nzira ina dzinowanzoshandiswa pakudhibhisa (zvichienderana nezviri mugwaro Rinotaura Nezvekushandiswa kwemishonga nemazvo pakudhibhisa zvipfuyo (**PERSUAP**).

1. Kudhibhisa kubudikidza nekuti mombe dzinopinda panemvura iri mutengi kana duhwino dzotuhwina dzichipfuura nemumvura inemushonga nouraya tupukanana.
2. Kudhibhisa zvipfuyo kubudikidza nekufirita nemushonga unouraya tupukanana.
3. **Kudhibhisa zvipfuyo kubudikidza nekudzidira mushonga unouraya tupukanana.**
4. Kudhibhisa zvipfuyo kubudikidza nekuzora mishonga inouraya tupukanana nemaoko ako wakananga pane zvikwekwe kana pane dambudziko.

Kudhibhisa kubudikidza nekuti mombe dzinopinda pane mvura iri mutengi kana muduhwino dzotuhwina dzichipfuura nemumvura ine mishonga inouraya tupukanana.



Kudhibhisa nenzira yekufirita - pakudhibhisa nenzira yekufirita, mombe dzinopfura nepamukaha wakaiswa zvinomwaya mvura inemishonga inouraya tupukanana. Zvinoshandiswa kumwaya mvura inemushonga zvinorongwa nenzira yekuti zvinomwaya mombe kusvika yanyatsotota muviri wese. Munokwanisa zvakare kushandisa gumbure muchinyatsa kumwaya mombe kusvika yatota muviri wose.




CHENGETEDZAI MOMBE KUBUDIKIDZA NEKUFIRITA KANA KUDHIBISA

Kudhibhisa kubudikidza nekudira mishonga pachipfuyo- Kudhibhisa nenzira iyi kunoitwa kubudikidza nekudira mishonga inouraya tupukanana paganda rechipfuyo pachishandiswa chipimo chidiki panguva dzese pamunenge muchidhibhisa zvipfuyo. Mushonga uyu unoiswa pamusana wechipfuyo kubva pamutsipa kusvika kumuswe. Mushonga unoshandiswa apa wakagadzirwa nenzira yekuti unoyerere zviri nyore uchitevedzera muviri wese wechipfuyo.



Kudhibhisa kwekuisa mushonga panzvimbo ine zvikwekwe kana ine dambudziko -

Kudhibhisa nenzira iyi kunozivikanwa sekuisa mushonga kana mafuta kana girizi rinobvisa zvikwekwe panzvimbo imwe chete semuenzaniso munzeve kana pasi pemuswe. Nzira iyi haina kukwana pakubvisa zvikwekwe zvese zviri pachipfuyo asi inobatsira pakuchengetedza zvipfuyo.




Nguva dzese pamunotenga mishonga yekudhibhisa, rangarirai kutenga mishonga kubva kune vane mvumo yekutengesa uye vanobvumidzwa zviri pamutemo kutengesa mishonga iyi.

CHENGETEDZAI MOMBE KUBUDIKIDZA NEKUFIRITA KANA KUDHIBISA

Hutano hwemombe dzenyu hune chekuita nekubudirira kwepurazi renyu.

Mombe dzinodhibiswa panguva dzakatarwa dzine hutano hwakanaka, dzakasimba, dzinobereka kakawanda uye dzine mutengo uri nani paunodzitengesa.



Kana pane zvamungade kuziva panyaya dzekufirita pamwe nekudhibhisa zvipfuyo, batai vari pamahofisi ari pedyo nemi eAGRITEX, vanoona nezvekurapwa Kwezvipfuyo (veterinary services) kana vanoshanda vakanangana nezvekuchengetwa kwezvipfuyo vari pamahofisi eFeed the Future Zimbabwe Fostering Agribusiness for resilient Markets (FARM)